

## 5 bagay ou ka fè pou pare w pou enskri

### 1. Ale nan HealthCare.gov

Aprann plis bagay sou Mache Asirans Sante a, ikonpri Medicaid ak Children's Health Insurance Program (CHIP) la.

### 2. Mande anplwayè w la si l ofri asirans sante

Si anplwayè w la pa pran avantaj de pwogram SHOP (Small Business Health Options Program) la, oswa si l ofri lòt pwoteksyon asirans sante, ou ka gen pou pran pwoteksyon asirans atravè Mache Asirans lan oswa atravè lòt sous.

### 3. Fè yon lis kesyon ou genyen avan lè a rive pou chwazi yon plan sante

Pa egzanp, "Èske mwen ka rete avèk doktè mwen genyen kounye a?" oswa "Èske plan sa a ap kouvri depans pou swen sante m lè m ap vwayaje?"

### 4. Ranmase enfòmasyon debaz yo konsènan revni tout moun ki nan kay ou a

W ap bezwen enfòmasyon sou revni, tankou enfòmasyon ou resewa nan W-2, souch chèk pewòl, oswa deklarasyon enpo w yo.

### 5. Etabli bidjè w

Gen diferan tip plan sante pou reponn a diferan tip bezwen ak bidjè. W ap gen pou chèche konnen konbyen ou ka depanse pou prim chak mwa, ak konbyen ou vle peye ou menm pou preskripsyon oswa pou sèvis medikal.



# Mache Asirans Sante a



Health Insurance Marketplace

CMS Product No. 11629-Hatian-Creole  
Revised July 2016

## Opsyon pou asirans sante

Mache Asirans la se yon fason pou jwenn pwoteksyon swen sante ki reponn a bidjè w e ki reponn a bezwen w yo. Avèk yon aplikasyon, ou ka wè tout opsyon w genyen yo e ou ka enskri. Ou ka aplike pou asirans prive, Medicaid, oswa CHIP.

Tout plan sante nan Mache Asirans la ofri menm seri benefis sante esansyèl yo, ki enkli vizit kay doktè, swen prevantif, entèn lopital, preskripsyon, ak anpil lòt toujou. Ou ka konpare plan yo baze sou pri, benefis, kalite, ak lòt karakteristik ki enpòtan pou ou anvan w fè yon chwa.

## Se konpayi prive ki jere plan asirans yo

Plan asirans yo ofri sou Mache Asirans la se konpayi prive ki jere yo. Kèlkeswa kote w rete a, w ap kapab konpare opsyon pou pwoteksyon asirans sante w nan Mache Asirans la e w ap ka wè ki prim, ki dediktib, ak ki depans k ap soti nan pòch ou ke w ap gen pou peye, anvan menm ke w pran yon desizyon pou enskri.

Gen pwoteksyon ki kouvri ou menm ak fanmi w. Plan asirans yo pa ka refize w pwoteksyon poutèt pwoblèm medikal ki te egziste deja oswa pwoblèm medikal kwonik, tankou kansè oswa dyabèt, e yo pa ka fè fanm ak gason peye prim diferan.

## Ekonomize sou depans yo

Lè w itilize Mache Asirans la ou ka jwenn yon kredi sou enpo pou diminye depans sou prim masyèl ou yo ak sou lajan pou peye ki soti nan pòch ou. Lè w ap aplike, w ap konnen ki kantite lajan ou ka ekonomize. Pifò moun ki aplike ap kalifye pou kèk tip ekonomi.

## Eksplòre Mache Asirans la

Ale nan [Healthcare.gov](https://www.healthcare.gov) pou jwenn repons pou kesyon w yo e pou anrejistre pou mizajou pa imèl konsènan Mache Asirans la. Ou ka rele tou Sant Apèl pou Mache Asirans Sante a nan 1-800-318-2596. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-855-889-4325.

Lè Peryòd Enskripsyon Lib la kòmanse, ou ka ale nan Mache Asirans lan epi aplike pou pwoteksyon asirans sante, konpare opsyon w genyen yo, epi enskri nan yon plan.

Si w kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal poutèt yon chanjman ki fèt nan vi w, tankou ou marye, ou akouche, ou pèdi lòt pwoteksyon asirans ou te genyen, oswa ou demenaje, ou ka aplike pou pwoteksyon asirans andeyò Peryòd Enskripsyon Lib la. Epi tou, ou ka aplike pou Medicaid ak CHIP, nenpòt lè nan ane a, sou menm aplikasyon an.

Enskripsyon Lib pou pwoteksyon asirans pou 2017 la kòmanse 1ye novanm 2016 epi li fini 31 janvye 2017. Enskri anvan 15 desanm pou nouvo pwoteksyon w lan kòmanse 1ye janvye.